Genjebay UTEPBERGENOV, Ábdiqadir QAYİPOV

# ON ÚSHINSHI ORİNNAN CHEMPIONLİQQA SHEKEM

NÓKIS
2019

**G.UTEPBERGENOV, Á.QAYIPOV**
**ON ÚSHINSHI ORİNNAN**
**CHEMPIONLİQQA SHEKEM**
Nókis: 2019-jıl, 28 bet.

Kitapshaǵa voleybol boyınsha Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń hayal-qızlar komandasınıń qáliplesiwinen baslap házirgi kúndegi erisip atırǵan tabıslarına shekem óz ishine qamtılǵan.

Bul maǵlıwmatlar sport trenerleri, dene tárbiyası muǵallimleri, sport tariyxın izertlewshiler hám Dene mádeniyatı fakultetiniń studentleri menen magistrantları ushın qosımsha oqıw-metodikalıq qollanba sıpatında baspaǵa usınılmaqta.

Pikir bildiriwshiler:

**ATABAY EREJEPOV,**
**Ájiniyaz atındaǵı NMPI,**
**fakultetler aralıq dene tárbiyası kafedrasınıń baslıǵı.**

**QÁDİRBAY ASANOV,**
**Qaraqalpaqstan Respublikası Dene tárbiya hám sport ministrliginiń bólim baslıǵı.**

Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń Ilimiy oqıw-metodikalıq keńesi májilisiniń (2019-jıl 24-sentyabr kúngi 1-sanlı bayanlama) qararı menen baspaǵa usınıs etilgen.

**NÓKIS**
**2019**

**HÁR BIR MÁMLEKETTIŃ KÚSH HÁM QÚDIRETIN BELGILEWSHI TIYKARĠİ FAKTOR - BUL FIZIKALİQ JAQTAN SALAMAT HÁM HÁR TÁREPLEME RAWAJLANĠAN ÁWLADDUR**

**SH.M.MIRZIYOEV**

## KIRISIW

Elimiz ǵárezsizliginiń dáslepki kúnlerinen baslap-aq, Húrmetli Birinshi Prezidentimiz I.A.Kárimovtıń uzaqtı kórebiliwshilik danalıǵı menen dene tárbiya hám sport mámleketlik siyasat dárejesine kóterildi. «Keleshegi ullı mámleketti salamat áwlad ǵana qurıwı múmkin, al salamat áwladtı dene tárbiya hám sportsız kóz aldıǵa keltiriw múmkin emes» degenindey, sap deneli keleshek áwladtı kamalǵa keltiriw maqsetinde eń túpkirdegi awıllarǵa shekem jas óspirimlerimizdiń sport penen shuǵıllanıwı ushın jaǵdaylar jaratıldı hám olardıń mámleket kóleminde, sonday-aq, xalıq aralıq maydanlardaǵı bellesiwlerge qatnasıp, óz imkaniyatların sınnan ótkeriwi ushın keń imkaniyatlar esigi ashıldı. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń «Ózbekstan Respublikasında dene tárbiya hám sporttı bunnan bılay da rawajlandırıw ilajları haqqında»ǵı Qararı tiykarında jeti jastan jetpis jasqa shekemgi insanlar arasında sporttıń ǵalabalıǵın támiyinlew niyetinde «Alpamıs-Barshınay» test normativi endirildi. Sonday-aq, sport túrleri boyınsha Ózbekstan milliy saylandı komandaların rezerv quram menen támiyinlew maqsetinde úsh basqıshlı «Úmit nálsheleri» (Umid nixollari), «Náwqıran áwlad» (Barkamol avlod) hám «Universiada» sport oyınların ótkeriw dástúrge aylandırıldı. Nátiyjede elimizdiń sportshıları Jurtbasshımızdıń isenimin aqlap, xalıq aralıq arenalarda biyǵárez mámleketimizdiń bayraǵın jelbiretetuǵın, gimnin jańlatatuǵın tabıslardı qolǵa kirgize basladı. Sonıń ishinde biziń respublikamızdan Áliysher Áwezbaev, Berdaq Allaniyazov, Baxtiyar Nurıllaev, Bahadır Dáwletiyarov, Ruslan Bichurin, Rústem Jańabaev, Islambek

Mambetnazarov, Nodira Kazakova, Nilufar Gadaeva hám basqa da bir qatar sportshılarımız Olimpiada hám kontinent oyınlarında Ózbekstan saylandı komandası quramında elimiz abırayın kótergen bolsa, Jáhán hám kontinent chempinatları menen kubok jarıslarında Erkinbay Qutıbaev, Rustam Kazakov, Botakóz Bayatanova, Jamshid Kamalov, Nizamatdin Xojabaev, Baxram Ermatov, Shaxlo Iskenderova, Azamat Turdanov, Ilyor Masharipov, veteranlar arasında Jiyenbay Qaljanov, Shamurat Masharipov, Sansızbay Yusupov, Amanqos Ġapparov, Oral Jumaniyazov, Nazarbay Atabaev, Qudaybergen Nawrızbaev, Bazarbay Nurjanov, Azamat Yusupov hám basqa da bir qatar sportshılar dańǵaralı tabısları menen bildirilgen isenimdi aqlap kelmekte.

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASİNDA VOLEYBOL SPORTİNİŃ QÁLIPLESIWI

Biziń respublikamızda sporttıń voleybol túri ótken ásirdiń



eliwinshi jılları óz kórinisin tapqan sport túrleriniń biri. Voleybol pútkil dúnya júzinde populyar bolıp ketken oyın túrleriniń qatarına kiredi. Bul oyın 1895-jılı AQSHtıń Massachusets shtatınıń Xoliok qalasındaǵı Jas xristianlar

awqamınıń dene tárbiya isleri boyınsha basqarıwshısı Vilyam Morgan tárepinen oylap tabıladı hám onıń atın «Mintonet» dep ataydı. Tennistiń setkası 197 santimetr joqarı kóterilip, basketbol tobı menen oynalǵan hám oyında komanda aǵzalarınıń sanı sheklenbegen boladı. Bul oyınǵa 1896-jılı kolledj oqıtıwshısı, ilim doktorı Alfred Xolsted tárepinen rásmiy túrde «Voleybol» (ushıwshı top) dep at beriledi hám bir jıldan soń on paragraftan ibarat oyın qaǵıydası islep shıǵıladı. Voleybol oyını XX ásirdiń baslarında Kanada, Kuba, Puerto-Riko, Peru, Braziliya, Urugvay hám Meksikada populyar oyınǵa aylanadı. Voleybol óziniń tartımlılıǵı menen 1913-jılı Aziya ellerine, 1914-jılı Evropa ellerine kirip kelse, biziń elimizde 1917-jıldan baslap  óz kórinisin taba baslaydı. Voleybol oyının Olimpiada oyınları baǵdarlamasına kirgiziw maqsetinde 1922-jılı voleyboldıń watanı AQSHta xalıq aralıq jarıs shólkemlestiriledi. Lekin, bul usınıs xalıq aralıq Olimpiya komiteti tárepinen qollap-quwatlanbay qaladı. 1934-jılı Stokgolmde 13 Evropa, 5 Amerika, 4 Aziya mámleketi qatnasında voleybol oyını boyınsha texnikalıq komissiya dúzilse, 1947-jılı Parijde xalıq aralıq Voleybol federaciyası shólkemlestirildi. Voleybol boyınsha rásmiy túrdegi tuńǵısh Evropa chempionatı 1948-jılı Rimde, Jáhán chempionatı 1949-jılı Pragada ótkerildi.



Voleybol oyının Olimpiada oyınları baǵdarlamasına kirgiziw boyınsha sheshim xalıq aralıq Olimpiya komiteti tárepinen 1957-jılı qabıllanıwına qaramastan, bul oyın 1964-

jılǵı Tokio Olimpiadası baǵdarlamasınan orın aldı. Bul Olimpiada oyınında erler arasında burınǵı Awqam sportshıları, hayal-qızlar arasında Yaponiya komandası jeńimpaz boldı.



Biziń respublikamızda joqarıda atap ótkenimizdey voleyboshılarımız eliwinshi jılları komanda sıpatında boy kórsetip, Yuriy Kulakov, Qırıqbay Matkeshov (Moynaqtıń qara balası) hám basqa da jetekshi sportshılar quramındaǵı voleybol boyınsha Qaraqalpaqstan saylandı komandası joqarı liga komandaları arasında Ózbekstan chempionatlarınıń kúshli besliginen orın alıp keldi.

1973-jılı Ózbekstan xalıqları spartakiadasında Allayar Kazakov, Gennadiy Naibauer, Vladimir Podoprigora, Rustam Ametov, Aleksandr Vashurin, Vladimir Andreev, Idiris Atashev, Baxtiyar Matniyazovlar quramın quraǵan voleybol komandası ǵana chempionattıń final jollamasın qolǵa kirgizip, sıylı 2-orındı iyelew baxtına miyasar bolǵan edi.

Respublikamızdıń voleybol tarawındaǵı zer háripler menen bitiletuǵın tabıslar Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen trener Azat Kazakovtıń dáwirinde júz berdi desek asıra siltegen bolmaspız. Sebebi, respublikamızdıń voleybolshı qızlarınıń sol kúnge shekemgi kórsetken eń

joqarı nátiyjesi Ózbekstan kóleminde 5-orın edi. 2002-jılı Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń voleybol boyınsha erler komandasınıń aǵa treneri bolıp islep atırǵan Azat Kazakovqa úlken isenim menen Qaraqalpaqstan Respublikası Dene tárbiya hám sport boyınsha mámleketlik komiteti tárepinen respublikadan qızlardıń voleybol komandasın shólkemlestiriw tapsırması berildi. Álbette, dana xalqımızdıń «jalǵız attıń shańı shıqpas» degenindey, qálegen jańa isti jolǵa qoyıw úlken itibardı hám qollap-quwatlawdı talap etedi. Azat Kazakovtıń qızlar komandasın muwapıqlastırıwda sol waqıttaǵı institut rektorı Azat Matjanovtıń jaqınnan járdem bergenin atap ótpew orınsız bolar. Usınday qollap-quwatlaw nátiyjesinde 2003-jılı institut janınan qızlar komandası shólkemlestirilip, búgingi kúndegi dańǵaralı tabıslardıń tırnaǵı qalandı. Sonday-aq, komanda shólkemlestirilgennen keyin onıń shuǵıllanıwı ushın baza jaratıwda Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministri Alisher Vaxabovtıń itibarınıń ornı ayrıqsha boldı.



Azat Kazakovtıń komandasınan burın da Qaraqalpaqstanda voleybol boyınsha hayal-qızlar komandası boldı. Lekin, terenrler ózimizdiń jergilikli qánigeler bolmaǵanlıqtan,

oyınshılardı da sırttan alıp kelip, joqarı oqıw ornındaǵı Dene tárbiyası fakultetiniń partaların keyin respublikamızǵa qayırı tiymeytuǵın kadrlar menen toltırıw isleri menen shuǵıllandı. Azatqa Qaraqalpaqstan Respublikası Dene tárbiya hám sport boyınsha mámleketlik komiteti tárepinen komandanı



shólkemlestiriwge isenim bildiriliwiniń de tiykarǵı sebebi, voleybol boyınsha aldaǵı waqıtları Qaraqalpaqstan sportınıń voleybol tarawın rawajlandıratuǵın jergilikli kadrlardı tárbiyalap shıǵarıwdan ibarat edi. Túsingen adam ushın Azatqa bildirilgen bul isenim onıń moynına júklengen úlken juwapkershilik edi.

## DÁSLEPKI QÁDEMLER

Xalqımızdıń «murnıń pushıq bolmay hananay qayda, janıńdı qıynamay jananay qayda» degenindey insannıń jaqsı atı shıǵıwı ushın da, jaman atı shıǵıwı ushın da janın qıynawı kerek eken. Azat Kazakovtıń erisken tabısları haqqında awız toltırıp sóz etemiz. Bul tabıslar aytar awızǵa ańsattay tuyılǵanı menen onda qansha miynettiń jatqanı ustazdıń ózine ǵana ayan.

2003-jılı jańa shólkemlestirilgen komanda menen Azat Kazakov Ózbekstan Respublikası «Talaba» sport jámiyetiniń ashıq chempionatına qatnasıp, 14 komanda ishinen 13-orındı iyeledi. Álbette, qánige emes adamnıń kóz qarası menen bılayınsha qaraǵanda júdá tómen nátiyje. Lekin, tájiriybeli trener usı nátiyjege de nalınbadı. Sebebi, sonsha jıllıq tájiriybege iye komandalar arasınan jańa ǵana ayaqqa turıp, táy-táy qádem basıp kiyatırǵan komandanıń burınnan qáliplesip, sport tarawındaǵı qádemi ısılǵan bir komandanıń aldına shıǵıwınıń ózi onda komandasına degen isenimdi payda etti. Sebebi, ol komanda da bir wálayattıń jeńimpaz komandası ǵo. Tınımsız izlenisler, turaqlı shuǵıllanıwlar, tájiriybe toplaw maqsetinde ótkerilgen joldaslıq ushırasıwlar nátiyjesinde Azat komandasınıń tájiriybe potencialın asırıwǵa eristi. 2004-jılǵı «Universiada» oyınları Samarqand qalasında ótkerilip, komandamız óz nátiyjesin jáne eki tekshege kóterip, 11-orındı iyeledi. Al bunnan keyin sol jıl aqırında ótkerilgen Ózbekstan




Respublikası «Talaba» sport jámiyetiniń ashıq chempionatına jol alǵan A.Kazakov óz aldına nátiyjesin burınǵıdan jáne de eki-úsh tekshe joqarılatıwdı niyet etip qoydı. Tınımsız tógilgen terdiń nátiyjesinde «Universiada»

oyınlarında 1-orındı iylegen Samarqand wálayatınıń hám 2-orındı iyelegen Namangan wálayatı komandalarına hesh qanday imkaniyat qaldırmay, 3:0 esabı menen, 3-orındı iyelegen Tashkent qalası komandasın 3:1 esabı menen




jeńiliske ushıratıp, komandamız birden 10 komandanıń aldına shıǵıp alıwǵa erisip, sıylı orınlardan keyingi 4-orındı iyelewge eristi. Bul nátiyje sıylı orın bolmaǵanı menen, trenerde úlken isenimdi payda etti. Eki jıl ishinde on komandanıń aldına shıǵıwdıń ózi qánigeler kóz qarası menen bahalaǵanda úlken jetiskenlik. Trenerdiń ele de ter tógińkirese, medallar ushın da gúres alıp barıw imkaniyatı bar ekenine anıq kózi jetti.

## TALAPLİĠA NUR JAWAR

Basqalar ushın medalsız kelgennen keyin tabıs bolıp tuyılmasa da, Azattıń ózi ushın miynetiniń nátiyjesin kóriwdiń ózi oǵan ele de kóbirek izleniwge, shuǵıllanıwdıń sapasın arttırıwǵa kúsh baǵıshladı. Tayarlıqtıń úzliksiz alıp barılıwınıń nátiyjesinde Maxsuda Yuldasheva, Baǵdat Avezova, Gúlshad Sadıqova, Gúlshad Mırzaqulova, Dilbar Qalilaeva, Madina Qırıqbaeva hám basqa da komanda

aǵzalarınıń oyın usılları, kombinaciyalardı orınlawı professional oyınshılar dárejesine jaqınlay basladı. Komanda aǵzaları biri-birin hám ustazın baqır-shaqırsız-aq, kóz qarasınan túsinisetuǵın dárejege jetti.

Azat Kazakov 2005-jılǵı Ózbekstan Respublikası «Talaba» sport jámiyetiniń ashıq chempionatı aldınan ózine hám komandası aldına qalay bolmasın medal iyesine aylanıw máselesin qoydı hám tayarlıqtı burınǵıdan da kúsheytti. Dana xalqımızdıń «talaplıǵa nur jawar» degenindey, islegen miyneti, tógilgen teri óz nátiyjesin berip, komanda chempionlıq piedestaldiń eń joqarǵı baǵanasına kóterilip, altın medal iyesine aylandı.

Azat Kazakovtıń komandasınıń qolǵa kirgizgen bul tabısı trenerdiń de, komandanıń da aldına úlken juwapkerli wazıypanı júkledi. Sebebi, usı tawdı jazdırmay uslap turıwdıń ózi jıl dawamında tınımsız ter tógiwdi talap eter edi.

Abıraydı qoldan bermewge tırısqan Azat Kazakovtıń




jatsa da, tursa da qıyalında komandası turar edi. Ol komandasındaǵı tájiriybeli oyınshılar potencialın asırıw maqsetinde mektep oqıwshıları hám orta arnawlı oqıw orınları arasında ótkerilip atırǵan voleybol jarısların dıqqat

penen baqlap barıp, selekciya jumısların da jaqsı jolǵa qoydı. Sebebi, oqıwdı pitkerip baratırǵan oyınshılarınıń ornın basatuǵın keleshegi bar oyınshılar menen komandanı tolıqtırıp barmasa, sonsha miynet nátiyjesinde qasıqlap




jıyılǵan abıraydı shómishlep tógip alıw da táájip emes. Usınday pidayı miynetiniń arqasında Azat Kazakov komandası menen 2006-jıldan baslap, 2010-jılǵa shekemgi Ózbekstan Respublikası «Talaba» sport jámiyetiniń ashıq chempionatı hám kubok jarıslarında liderlikti qoldan bermedi.

Keyingi jılları selekciya jumıslarınıń jolǵa qoyılıwınıń nátiyjesinde Azat Kazakovtıń komandası Saboqat Sabirova, Nargiza Ayapova, Gúlchexra Ibragimova, Perizat Zarlıqova, Biybinaz Qayıpnazarova, Dilnaz Tadjieva, Asal Pirnazarova, Baǵila Avezova, Gúlsánem Allabergenova, Nazira Tawbaeva, Gúlnaz Qayıpbekova, Uldáwlet Bektursınova, Dilnoza Matyakubova, Aziza Musaeva, Gúlbazar Nuranova, Baǵila Sharapatdinova, Baxira Bayanbaeva, Aziza Joldasbaeva, Indira Nasratdinova, Duriya Madaminova, Gúlnaz Ernazarova hám Gúlmiyra Qulımbetova sıyaqlı

tájiriybeli oyınshılar menen tolıqtırılıp, dańǵaralı tabıslarǵa qaray jolın dawam ettirdi.
Voleybolshı qızlarımız 2004-jılǵı Universiada oyınlarında 11-orın menen sheklengen bolsa, Ózbekstan Respublikası «Talaba» sport jámiyetiniń ashıq chempionatı hám kubok jarıslarında toplaǵan tájiriybesiniń arqasında 2007-jılı ótkerilgen «Universiada» oyınlarında jáne jeńimpazlıqtı qolǵa kirgizdi. Komandanıń usı kórsetken nátiyjesi ushın komanda treneri Azat Kazakovqa «Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen trener» mámleketlik ataǵı berildi.

Azat Kazakovtıń komandası 2010-jılı Andijanda, 2013-jılı Buxarada, 2016-jılı Ferǵanada ótkerilgen «Universiada» oyınlarınıń barlıǵında da final oyınlarına qatnasıp, sıylı 2-orınlardı iyelep kelmekte.

Qızlar komandasınıń 2007-jılǵı «Universiada» oyınlarında jeńimpaz bolıwı komandanıń joqarı liga




komandaları arasındaǵı Ózbekstan chempionatına hám kubok oyınlarına qatnasıw imkaniyatın jarattı. Óz imkaniyatın sınaw maqsetinde komanda 2008-jılǵı joqarı liga komandaları arasındaǵı Ózbekstan chempionatı hám

kubok oyınlarına qatnastırılıp, 4-orındı iyelewge eristi. Bul oyındaǵı kemshiliklerden durıs juwmaq shıǵara alǵan Azat Kazakov aldaǵı oyınlarǵa tayarlıqtı jáne de kúsheytiwge májbúr boldı. Nátiyjede 2009-jıldan 2016-jıl aralıǵındaǵı



barlıq joqarı liga komandaları arasındaǵı Ózbekstan chempionatı hám kubok oyınlarında gúmis medallarǵa iyelik etip keldi.

## TARÍYXÍY TABÍSLARǴA QÁDEM

Hayal-qızlar arasındaǵı voleybol boyınsha 2017-jıldıń joqarı liga komandaları arasındaǵı Ózbekstan chempionatına 2016-jıldıń 9-dekabri kúni start berilip, 1-tur oyınları Tashkent qalasında ótkerildi hám 8 komanda arasında keskin bellesiwlerge bay bolǵan oyınlar nátiyjesinde A.Kazakov basshılıǵındaǵı respublikamızdıń saylandı komandası tur nátiyjesi boyınsha turnir kestesiniń 2-baǵanasın bántlep turdı. Bul nátiyjege qanaatlanbaǵan trener menen komanda tayarlıqtı burınǵıdan da kúsheytip, chempionattıń 2017-jıl 11-16-fevral kúnleri Jizzaqtaǵı 2-tur, 11-16-mart kúnleri Nawayıdaǵı 3-tur hám 15-20-aprel kúnleri Nókistegi 4-tur oyınlarındaǵı kórsetken nátiyjelerine

bola chempionat liderligin qolǵa kirgizdi hám 12-16-may kúnleri Tashkent qalasında ótkerilgen sheshiwshi 5-turda chempionlıq ushın Nawayı, Jizzaq hám Xorezm wálayatlarınıń saylandı komandaları menen kúsh sınasıp, bul basqıshta komandamız Qaraqalpaqstan sport tariyxına zer háripler menen jazılatuǵın tabıstı qolǵa kirgizdi. Qarsılas komandalardıń barlıǵına da hesh qanday imkaniyat qaldırmay, 3:0 esabı menen jeńiske erisip, Qaraqalpaqstan sportı tariyxında tuńǵısh márte voleybol boyınsha Qaraqalpaqstan saylandı komandası joqarı liga komandaları arasında Ózbekstan chempionı bolıw baxtına miyasar boldı. Komanda aǵzalarınan Dene mádeniyatı fakultetiniń studentleri Indira Nasratdinova, Aziza Joldasbaeva, Fizika-matematika fakultetinen Biybinaz Qayıpnazarova hám Gúlbazar Nuranovalar Ózbekstan milliy saylandı komandasınıń tiykarǵı quramına qabıl etilse, Sport kolledjinen Gúlnaz Ernazarova, Gúlmira Qulımbetova, 1-sanlı medicina kolledjinen Gúljamal Zakaryaeva menen



Duriya Madaminovalar jaslar boyınsha Ózbekstan saylandı komandasınıń quramına qabıl etildi. Sonday-aq, 14 sportshıǵa «Ózbekstan sport ustası» dárejesi berildi.

Qızlarımızdıń usı tabıslarınan keyin komanda treneri A.Kazakovtan bul tabısqa qalay eriskeni haqqında soraǵanımızda, ol:

-Bul - biziń on tórt jıldan berGi ármanımız edi. Saylandı



komandamız benen eń dáslep 2003-jılı Ózbekstan «Talaba» sport jámiyetiniń ashıq chempionatına qatnasıp, 14 komandadan 13-orındı, «Universiada-2004» sport oyınlarında 11-orındı iyelewimiz bizge úlken sabaq bolsa, 2004-jılǵı Ózbekstan «Talaba» sport jámiyetiniń ashıq chempionatında jeńimpaz hám sıylı orınlardı iyelemegenimiz benen, Ózbekstannıń lider komandaları ústinen erisken jeńisimiz bizge úlken kúsh-ǵayrat baǵıshladı. Kúshli tayarlıqlar nátiyjesinde «Talaba» sport jámiyetiniń ashıq chempionatı hám kubok jarıslarında 2005-jılı sıylı 3-orındı iyelesek, 2006-jıldan 2010-jılǵa shekem mudamı jeńimpaz bolıp keldik. Al, «Universida» sport oyınlarında 2007-jılı Tashkentte 1-orındı, 2010-jılı Andijanda, 2013-jılı Buxarada, 2016-jılı Ferǵanada sıylı 2-orınlardı iyeledik.

Ózbekstan chempionatı hám kubok jarıslarına 2008-jıldan berli qatnasıp kelmektemiz. Birinshi qatnasqan jılı 4-orındı iyelesek, 2009-jıldan 2016-jılǵa shekem chempionat

piedestaliniń ekinshi baǵanasın bántlep keldik. Bıyılǵı jılı kóp jıllıq ármanımız iske asıp, chempionlıq piedestaldiń birinshi baǵanasına kóteriliw baxtına miyasar boldıq. Álbette, bul tabıs - mına kózi jawdırasqan qızlarımnıń miynetiniń jemisi,-dedi kishipeyillik penen.



«Miywe pitik bolǵan sayın, shaqa tómenshik boladı» degendey, usı kúnge shekem 15 Ózbekstan sport ustasın, 60 tan aslam Ózbekstan sport ustalıǵına talaban, sonday-aq, Ózbekstan milliy saylandı komandası quramında bir qatar xalıq aralıq jarıslarda dawrıqlı jollardı basıp ótken Gúlshada Sadıqova sıyaqlı sportshı qızlardı tárbiyalap shıǵarǵan trener A.Kazakov sonsha mańlay teri tógiliwine qaramastan, «bul - meniń miynetim» demewiniń ózi komandasına bolǵan asa húrmetin tastıyıqlaydı.

Bul tabıslardıń qolǵa kirgiziliwinde joqarıda atı atalǵan oyınshılardan basqa Dene mádeniyatı fakultetiniń studentleri: Dilnoza Matyakubova, Gúlnaz Qayıpbekova, Baǵila Sharapatdinova, Lobar Shamuratova, Nilufar Atajanova, Maxsuda Yuldasheva, filologiya fakultetiniń studenti Aynura Jaqsıbaeva, Pedagogika fakultetiniń studenti Nilufar Yuldasheva, 1-sanlı medicina kolledji oqıwshısı Baxira Bayanbaeva hám QMU studenti Uldáwlet Bektursınovalardıń úlken úlesi bar ekenin atap ótken orınlı.

Álbette, bul jeńiske jetelewshi jol aytar awızǵa ańsattay tuyılǵanı menen, trener menen sportshılardıń qanshadan-qansha mashaqatlı miynetleri jatqanı tek ózlerine ǵana ayan. Sebebi, on úshinshi orınnan mámleket chempionlıǵına shekem jetiw tek haqıyqıy sport pidayılarınıń ǵana qolınan keledi.

## KITAPTÍ BASLAWĠA SEBEPSHI BOLĠAN TUR

Hayal-qızlar arasındaǵı 2019-jıldıń Ózbekstan chempionatınıń lll tur oyınları mart ayınıń 16-20-sánelerinde

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń sport sarayında bolıp ótti. Oyınǵa start berilerden aldın bir neshe qánigelerdiń Qaraqalpaqstan saylandı komandasınıń chempionat nátiyjesinde iyeleytuǵın ornı haqqındaǵı pikirleri menen tanısqandı maqul kórdik.

**NOZIMA BOZOROVA - Buxara wálayatı saylandı komandasınıń bas treneri**:

-Aldınǵı eki turdaǵı baqlawlarımız boyınsha Azat Kazakovtıń komandası jaqsı tayarlıqqa iye. Degen menen, Tashkent wálayatı atınan jarısqa qatnasıp atırǵan Ózbekstan mámleketlik dene tárbiya universiteti komandasınıń quramı, derlik, tolıǵı menen mámleket saylandı komandasınıń aǵzaları. Sonlıqtan da, Qaraqalpaqstan ekinshi orındı iyelese kerek.

**SANAMJAN PRIMOVA - Xorezm wálayatı saylandı komandasınıń bas treneri**:

-Azattıń qızlarınıń bıyılǵı Ózbekstan chempionatında altın medal iyesine aylanıwına isenimim kámil. Sebebi, Qaraqalpaqstannıń voleybolshı qızlar komandasınıń ayaq alısı aldınǵı jıllarǵa salıstırǵanda anaǵurlım shıyraq.

**Y.I.KULAKOV - voleybol sportınıń veteranı:**




-Institut komandasınıń joqarı liGa komandaları arasındaǵı Ózbekstan chempionatında ekinshi orındı iyelewi

Gúman, birinshi orın haqqında Gáp ashpasaq ta boladı. Al úshindi orındı iyelewi anıq.

* * *



Ózbekstan chempionatınıń lll tur oyınların Samarqand hám Xorezm wálayatları ashıp berip, samarqandlılar xorezmlilerge 0:3 esabında imkaniyatın qoldan berse, Qaraqalpaqstannıń komandası Buxara wálayatınıń komandasınan 3:0 esabı menen ústem keldi.

Tur oyınlarınıń ekinshi kúninde Buxara - Samarqand 3:2, Xorezm - Namangan 1:3 nátiyjeleri menen oyındı juwmaqlasa, Tashkent wálayatı Jizzaq wálayatı ústinen, Qaraqalpaqstan Respublikası Sırdárya wálayatı ústinen 3:0 esapları menen ayqın ústemlik etti.

Oyınnıń úshinshi kúninde Buxara hám Jizzaq wálayatları arasındaǵı keskin gúres 3:1 esabı menen juwmaq tapsa, Sırdárya Namanganǵa, Tashkent wálayatı Samarqandqa, Qaraqalpaqstan Xorezmge hesh qanday imkaniyat qaldırmay, oyınlardıń barlıǵı 3:0 esabı menen juwmaq taptı.

Tur oyınlarınıń tórtinshi kúninde Samarqand wálayatınıń komandası Sırdárya wálayatınıń komandası ústinen, Namangan wálayatınıń komandası Buxara wálayatınıń komandasınıń ústinen, Jizzaq wálayatınıń komandası

Xorezm wálayatınıń komandasınıń ústinen ayqın ústemlikte oyın alıp bardı hám barlıq oyın da 3:0 esabı menen óz nátiyjesine jetti. Bul kúngi, hátteki, chempionattaǵı eń keskin bellesiwlerge bay bolıp ótetuǵın oyın Tashkent wálayatı yaǵnıy Ózbekstan saylandı komanda aǵzaları menen Qaraqalpaqstan komandası arasında bolıp ótetuǵını aldınnan voleybol ıshqıpazları menen qánigelerge málim bolǵanlıqtan, univesitettiń sport sarayı tamashagóylerge lıqqa toldı. Kópshilik oyın nátiyjesin 3:2 esabı menen Tashkent wálayatınıń jeńiske erisetuǵının boljasa, ayırımlar sol esap penen Qaraqalpaqstannıń jeńisine isenim bildirmekte. Bir hayran qalarlıq jeri, ayırım jergilikli qánigeler biziń komandamızdıń usı kúnge shekem Ózbekstan mámleketlik dene tárbiya universiteti komandası ústinen jeńiske erisip kórmegenin esapqa alǵan halda, qarsılas



komandanı qollap-quwatlawǵa ótip, Tashkent wálayatı komandasınıń jankúyerlerine aylandı qaldı. Lekin, oyın dáslepki minutlarınan baslap-aq, kópshilik boljaǵannan pútkilley ózgeshe tús aldı. Komandanıń bas treneri, Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen trener Azat Kazakovtıń oyın barısında qarsılas komanda oyınshılarınıń

jaylasıw jaǵdayı hám oyın stiline qaray oyınshılardı hám oyın kombinaciyaların tez-tez ózgertiwine, hátteki, Tashkent wálayatınıń bas treneri, xalıq aralıq dárejedegi sport ustası Olga Isayonoktıń da bas shayqawdan basqa ilajı qalmadı.

Nátiyjede komandamız tariyxıy jeńisti qolǵa kirgizdi. Sebebi, Ózbekstan mámleketlik dene tárbiya universitetiniń voleybol komandası mámleket chempionatınıń tariyxında 3:0 esabı menen jeńilis dámin tatıp kórmegen edi.

Oyın juwmaqlanǵannan keyin sırtqa shıqsaq, xalıq aralıq Greciya akademiyasınıń doktorı, instituttıń professorı Perdebay Shılmanov QMU sport sarayınıń qaq mańlayında eki qolın uwqalap tur eken. Ol bizlerge kózi túsiwden:

-Qızlarımızdıń qolǵa kirgizgen hár bir upayına shın ıqlasımız benen qol shappatlaymız dep, qollarımız awırıp qalıptı. Tap usınday jeńis ushın qol sınǵansha shappatlasań da arzıydı,-dep házillesip qoydı. Haqıyqattan da, qızlarımızdı mámlekettiń lider komandasına hesh qanday imkaniyat qaldırmaydı degen heshkiniń de qıyalına kelmegen edi. A.Kazakov komandasınıń ıshqıpazlarınıń



barlıǵı P.Shılmanovtıń qasına toplana basladı. Al, komandamızǵa isenim bildirmey, qarsılas komandaǵa ıshqıpazlıq etken jergilikli qánigelerimiz ózlerin topqa ura

almay, bas kiyimlerin basıńqırap kiyip, iyinlerin qısıwı menen bir shekelep taya basladı.
Turdıń eń sońǵı kúninde Namangan hám Tashkent



wálayatları menen Jizzaq hám Sırdárya wálayatları komandaları arasındaǵı bellesiwler Tashkent hám Sırdárya wálayatları komandalarınıń ayqın ústemliginde ótti.

Hayal-qızlar arasındaǵı Ózbekstan chempionatınıń lll tur oyınlarınıń nátiyjesi boyınsha ekinshi orında kiyatırǵan komandamız bir upay parq penen mámleket lideriniń aldına shıǵıp, chempionat kestesiniń eń joqarǵı baǵanasına kóterilip, kárwanbasılıqtı qolǵa kirgizdi.

Komandamız keyingi turlardıń barlıǵında da usı tawdı jazdırmastan Qaraqalpaqstan sportı tariyxına zer háripler menen bitiletuǵın nátiyjege erisip, joqarı liga komandaları arasındaǵı Ózbekstan chempionatı piedestaliniń eń joqarǵı baǵanasına kóteriliw baxtına miyasar boldı.

Voleybolshı qızlarımızdıń áyne usı tabısı biziń kitaptı baslawımızǵa tiykar salıp, qolımızǵa qálem uslattı.

Qaraqalpaqstannıń hayal-qızlar boyınsha saylandı komandasınıń muwapıqlastırılǵanına 16 jıl bolǵan bolsa, usı kúnge shekem «Univesiada» oyınlarında hám basqa da bir qatar birinshiliklerde jeńimpaz bolǵanı menen 2017-jılǵa

shekem joqarı liga komandaları arasında Ózbekstan chempionatında talay márte sıylı orınlardı iyelegeni menen, altın medal iyesine aylanǵan joq edi.
Komandamız 2017jılǵı hám 2019-jılǵı Ózbekstannıń super kubok oyınlarında da Gúmis medallardı jeńip alıwǵa eristi.

Kitap baspaǵa tayarlanıp atırǵan waqıtta da A.Kazakovtıń komandası «Universiada» oyınlarınıń zonallıq basqıshına qatnasıp, 1-orındı iyeledi hám finallıq basqısh jollamasın qolǵa kirgizdi. Álbette, finallıq bellesiwler nátiyjesinde de barlıq ıshqıpazların quwanıshqa bóleytuǵın tabıslar menen oraladı degen úmitimiz kúshli. Ilayım, solay bolsın!

## TRENERDIŃ BAXTÍ HÁM BAYLÍǴÍ

Kazakov Azat Radjapovich 1961-jıldıń 14-fevralı kúni respublikamızdıń birinshi paytaxtı Tórtkúl diyarında sportshılar shańaraǵında dúnyaǵa kelgenlikten, jaslayınan



sporttıń voleybol, futbol hám jeńil atletika túrlerine ıqlas qoyıp ósti. Ol futbol boyınsha da, jeńil atletika boyınsha da bir qatar tabıslardı qolǵa kirgizdi. Ásirese, onıń 100 metr

aralıqqa juwırıw boyınsha kórsetken nátiyjesi házirgi kúnde de, kópshilik jeńil atletshiler ushın árman bolıp qalmaqta.



Azat Nókis mámleketlik universitetiniń Dene tárbiyası fakultetine oqıwǵa kirgennen keyin, dáslep respublikamızdaǵı sporttıń oyın túrleri boyınsha jetekshi qánigeleriniń biri Yuriy Ivanovich Kulakovtan voleybol oyınınıń sırların treńnen úyrenip, Qaraqalpaqstan saylandı komandasınıń quramına qabıl etildi. Keyin Qaraqalpaqstan saylandı komandasınıń treneri, óziniń ajaǵası Allayar Kazakovtıń basshılıǵında shınıǵıwların dawam ettirdi. Ol 1980-jıldan baslap, oqıwdı pitkergennen keyin qaysı jumısta islewine qaramastan 2004-jılǵa shekem, yaǵnıy 24 jıl dawamında Qaraqalpaqstan saylandı komandasınıń tiykarǵı quramında oyın alıp barıp, respublikamız voleybolshılarınıń barlıq jetiskenlikleriniń bası-qasında boldı. Respublikamızdıń voleybol komandasın komanda lideri sıpatında ılayıq qorǵap, bir neshe márte joqarı liga komandaları arasındaǵı Ózbekstan chempionatlarınıń sıylı orınlarınıń iyesine aylandı. Ol joqarı oqıw ornın tabıslı tamamlaǵannan keyin watan aldındaǵı perzentlik wazıypasın atqarıw maqsetinde áskeriy xızmette boldı hám elimiz tınıshlıǵı ushın 1989-jılǵa shekem huqıq qorǵaw uyımlarında xızmet etti. Keyin ol respublikamızdıń voleybol boyınsha jetekshi qániGesi sıpatında ózi tálim alǵan oqıw dárgayınıń háreketli sport oyınları kafedrasına jumısqa shaqırıldı hám súyikli sportı

voleybol boyınsha hám sportshılıq, hám trenerlik háreketin dawam ettirdi.




1991-jılı Ózbekstan saylandı komandasınıń tiykarǵı quramına qabıl etilip, Kievte bolıp ótken Awqam xalıqlarınıń spartakiadasında Ózbekstan Respublikasınıń abırayın ılayıq qorǵawǵa miyasar boldı.

* * *

Dana xalqımızda «Jigittiń atın qatın shıǵaradı, qatınnıń atın otın shıǵaradı» degen ibara bar. Sol aytqanday, A.Kazakovtıń shın ıqlas penen sportqa beriliwinde oǵan qol-qanat bolıp, qollap-quwatlap, kerek jerinde másláhát berip turǵan onıń ómirlik joldası Klara Allabergenova. Sebebi Klara da respublikamızdıń jetekshi sportshılarınıń biri. Ol oq atıw sportı boyınsha bir neshe márte mámleket chempionlıǵın qolǵa kirgizgen hám sport ustası dárejesin orınlawǵa erisken.



Sonlıqtan da Azat Kazakovtıń shańaraǵında shırqırap dúnyaǵa kelgen perzentlerdiń barlıǵı da sportqa ıqlas qoyǵan hám ata-anasına eliklep hámmesi de jetekshi sportshılarǵa aylanǵan.



Onıń úlken ulı Ulıǵbek te, qızı Nadira da, ortanshı ulı Aybek te Rustam Kazakovtıń basshılıǵında sporttıń karate-do túri menen shuǵıllanıp Ózbekstan kóleminde bir qatar jeńimpaz hám sıylı orınlardı iyeledi.

Nadira sporttıń bir túri menen sheklenip qalmadı. Sporttıń kikboksing hám universal jekpe-jek urısı túrleri boyınsha Jáhán chempionatı  hám kontinent oyınlarında jeńimpaz hám sıylı orınlardı iyelewge eristi.

Azat Kazakovtıń sport tarawındaǵı karyerasın dawam ettirgen tek ǵana kishkene ulı Atabek boldı. Ol mektep oqıwshısı waqtında «Úmit nálsheleri» sport oyınlarınıń gúmis medalın qolǵa kirgizgen bolsa, orta arnawlı oqıw ornında oqıp júrip, «Náwqıran áwlad» sport oyınlarınıń altın medalın jeńip alıwǵa miyasar boldı. Al studentlik dáwirinde «Universiada» oyınlarınıń da gúmis medalı iyesine aylandı. Ózbekstan chempionatında altın medaldı qolǵa kirgizip Ózbekstan saylandı komandası quramına qabıl etildi hám Iranda bolıp ótken Aziya chempionatına qatnasıw baxtına miyasar boldı. Ol Ózbekstan kólemindegi ótkerilgen basqa da kóplegen jarıslarda jeńimpaz hám sıylı orınlardı iyelep, házirgi kúnde Jaslarǵa ózi súygen sportı boyınsha trenerlik etiw menen Qaraqalpaqstan hám Ózbekstan chempionatlarında tóreshilik etip kelmekte.



## MAZMUNI

KIRISIW. ...........................................................................................3
QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA VOLEYBOL SPORTÍNÍŃ QÁLIPLESIWI. .....................................................................................4
DÁSLEPKI QÁDEMLER. ......................................................................................9
TALAPLÍĠA NUR JAWAR. ...................................................................................11
TARIYXIY TABÍSLARĠA QÁDEM. .........................................................................15
KITAPTÍ BASLAWĠA SEBEPSHI BOLĠAN TUR. ...................................................19
TRENERDIŃ BAXTÍ HÁM BAYLÍĠÍ. .......................................................................24

**Genjebay UTEPBERGENOV , Ábdiqadir QAYÍPOV**

# ON ÚSHINSHI ORÍNNAN CHEMPIONLÍQQA SHEKEM


| | |
|---|---|
| Bas redaktorı | Q.M.Qochanov |
| Tex. redaktorı | X.K.Shamuratova |
| Korrektor | A.Sarıbaeva |
| Operatorı | N.Nısanbaev |

Original-maketten basıwǵa ruxsat etilgen waqtı: 20.11.2019.
Qaǵaz formatı 60x84$^{1}/_{16}$. Ofset usılında basıldı.
Kólemi 1,75 b/t. Jámi 50 nusqada. Bahası shártnama boyınsha.
Buyırtpa 0100

**Licenziya 11-3084**

Ájiniyaz atındaǵı NMPI tipografiyasında basıldı.
230100,
Nókis qalası, Bilimler gúzarı, 20-jay.